

### Nigeria Coronavirus CivActs Campaign

The coronavirus matter wey don dey cause wahala everywhere first enter Naija on 27 February and e start for Lagos state. The tin cause many many fake news wey make NCDC and Federal Ministry of Health dem begin try calm pipo down, try make the sickness no spread. All of us need join hand make sure say we knack this virus correct apako so make we dey talk only news wey we don confam say na true; and make we dey do the ones wey go make the virus fear to near our domot.

The Coronavirus CivActs Campaign (CCC) dey gather different rumour and tori wey Naija pipo dey talk for different states make we help ordinary pipo understand wetin dey happen; so that beta information go dey flow well well for government, media, NGO and even the citizens dem. Once we talk the real gbege of wetin dey happen, all dem fake news go stop to dey spread before they cause more wahala for our country pipo. You know say no be all of us get the same language and no be everybody sabi this English well well so we need this CCC make everybody understand wetin dey happen so that we go finally throway this bad sickness comot for our country. One company wey dem dey call Statista talk say na only like half of Naija wey dey see internet use, so make we try help the other half wey no get.

## Ease of Lockdown and Community Transmission

On May 18, Presidential Task Force for COVID-19 announce say the relaxing of the lockdown wey President Muhammadu Buhari order on April 27 go continue. Meaning say all the measures wey the President bin announce go continue non-stop for another 2 weeks and e go help us balance to reduce this virus spread and maintain the economy too.

NCDC don announce say coronavirus don reach the phase wey dem dey call community transmission phase and e dey important make all Naija pipo no too dey near pipo and make dem dey wear their face masks for outside. Example na how Lagos State government don raise alarm say isolation centres don dey full; now, na only cases wey dey severe dem go dey admit. As cases of COVID-19 dey rise everyday and e dey tey before patients recover on top, too much pressure fit affect medical centres and e fit hard make many patients get medical care wey dem need. E dey important make Naija pipo know sey e dey necessary make dem dey take precautions and no dey spread yeye tori about COVID-19. Na only information wey dey valid you suppose dey listen to, and you fit get them from sources like WHO, Federal Ministry of Health, and NAFDAC.

#### SOME TIPS TO TAKE DEY SAFE AS THE LOCKDOWN DEY RELAX



Always dey Wash your hands



Make Sure you wear face mask



Make Sure you observe physical distancing



Use alcohol base sanitiser



## State emergency COVID-19 contact numbers

| S/N             | GEO-POLITICAL<br>ZONES/STATES | HOTLINE     | TOLL FREE<br>NUMBER | EMAIL/SOCIAL<br>MEDIA           |
|-----------------|-------------------------------|-------------|---------------------|---------------------------------|
| NORTH-EAST ZONE |                               |             |                     |                                 |
| 1               | Adamawa State                 | 08031230359 | 08115850085         | Twitter.com/co<br>vid19Adamawa  |
|                 |                               | 07080601139 | 07025040415         | Facebook:<br>Covid19<br>Adamawa |
|                 |                               |             | 09044235334         |                                 |
| 2               | Borno State                   | 08088159881 | 08009999999         |                                 |
| 3               | Bauchi State                  | 08023909309 |                     |                                 |
|                 |                               | 08032717887 |                     |                                 |
|                 |                               | 08059600898 |                     |                                 |
|                 |                               | 08033698036 |                     |                                 |
|                 |                               | 08080330216 |                     |                                 |
|                 |                               | 8036911698  |                     |                                 |
| 4               | Gombe State                   | 08103371257 |                     |                                 |
|                 |                               | 07026256569 | _                   |                                 |
|                 |                               | 07045257107 | -                   |                                 |
|                 |                               | 07025227843 | -                   |                                 |
|                 |                               | 07026761392 | -                   |                                 |
|                 |                               | 07026799901 | -                   |                                 |
|                 |                               | 7042145504  |                     |                                 |
| 5               | Taraba State                  | 08065508675 | -                   |                                 |
|                 |                               | 08032501165 | -                   |                                 |
|                 |                               | 08039359368 | 4                   |                                 |
|                 |                               | 8037450227  |                     |                                 |
| 6               | Yobe State                    | 08131834764 | -                   |                                 |
|                 |                               | 7041116027  |                     |                                 |

# 

Drug wey fit cure COVID-19 dey, but the government no wan reveal am

😂 VS 🕑

No valid drug dey for coronavirus yet. But e get medical trials wey scientists dey use try find drug wey dey effective. Example of one drug wey dey find na Remdesivir wey reduce death by 4.8% when scientists dem study 1, 063 patients. WHO don stop Chloroquine trials after one publication show say the

drug dey make pipo die more.

**TRUE TORI** 

COVID-19 na lie because dem no dey give patients their test results

As patients dey dance for Isolation centre e mean say they no sick

NCDC dey prepare COVID-19 relief package for Naija Pipo

COVID-19 no dey for Naija because NCDC no dey show us videos of patients wey get the virus NCDC chairman talk say dem dey send all their result to state epidemiologist and na hin suppose release the result, not the Doctor.

No be every patient wey get COVID-19 wey no go fit waka. Chinese CDC don talk say na only 14% of the pipo wey dey affected dey get severe symptoms, while 6% need intensive care. Isolation dey important if we no want make the virus spread

The job of NCDC na to support States as dem dey prepare, detect and respond to infectious disease outbreak; to share relief package no concern them.

E dey against medical ethics make dem release information about patient without hin consent. But some patient don give their experience with the virus on TV, newspaper and social media. Some videos wey dem leak show as patients wey no get severe symptoms dey dance, and pipo fit begin think say na scam because of that kain tin.

## **Testing for COVID-19**

Na testing fit show sey somebody don get COVID-19. This na because the way the virus dey do pipo for body dey different, depending on how the natural soldiers for their body fit respond. Some symptoms of coronavirus dey indicate some other diseases; just as fever be symptom of coronavirus, e be symptom of malaria and typhoid and we fit mistake one for another one. E dey important make you no dey take drug wey doctor no tell you make you take; before you take any drug, make sure say you don take advice from health professionals.

As of today, dem don conduct over 40,000 tests for COVID-19 in Nigeria and approximately 17% of these test don test positive for the virus. NCDC dey plan make dem test over 2 million Naija pipo in the next months so dem fit know how the virus don take spread.

The method wey dem dey take test the virus na wetin dem dey call Reverse Transcriptase polymerase chain reaction (PT-PCR) test; dem also dey call am nucleic acid amplification test. This method na the most reliable method to confirm the virus for Lab and it fit show early if a patient don get the virus. Na only this method NCDC endorse because e dey very sensitive and more accurate than rapid testing kits. WHO still never endorse any rapid test kit to dey detect the virus.

### Which kain sample dem dey collect to do test?

After trained health worker don wear personal protective equipment hin go come use sterile swab collect sample for inside nose or throat of suspected patient. After hin don collect am, hin go place the swabs inside transport tube wey dem don carefully package with the person details and dem go carry am go test for any NCDC lab wey dey close.

Any test wey dem do for NCDC laboratory network dey free of charge. If you dey show symptoms say you don get COVID-19, and know say you don dey in contact with pesin wey get am, call your State helpline for https://covid19.ncdc.gov.ng/contact/. E dey important make you isolate yourself as you dey wait for test results, so you no go spread the infection. Wear face mask and make sure say you dey clean your environment with disinfectant.

### CORONAVIRUS UPDATE AS E DEY FOR NAIJA TODAY - 07/06/2020



342

3,826



DEATHS

RECOVERED

